

ABSTRAK

Fachrun Nisa. 2017. Pola Distribusi Cerithidea cingulata (Gastropoda:Famili Potamididae) di Estuari Cipatireman di Basisir Sindangkerta Kacamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Dibimbing ku Drs. H. Ahmad Mulyadi,M.Pd minangka Pangaping I sarta Drs. Suhara,M.Pd, minangka Pangaping II.

Panalungtikan ngeunaan Pola Distribusi Cerithidea cingulata di Estuari Cipatireman di Basisir Sindangkerta Kacamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Panalungtikan ieu tujuanana pikeun meunangkeun ngeunaan informasi Pola Distribusi Cerithidea cingulata di Estuari Cipatireman di Basisir Sindangkerta Kacamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Panalungtikan dipigawe bulan Mei 2017. Panalungtikan ieu ngagunakeun Padika Deskriptip. Variabel anu ditalungtik yaktos Cerithidea cingulata sarta Pola Distribusi. Panalungtikan ieu ngagunakeun rarancang Belt Transect Quadrat sarta nyandak conto ngagunakeun Ekman Grab sarta Hand Sorting. Nyandak conto dipigawe di ekosistem estuari ti genep tempat anu aya tilu plot kuadrat masing-masing tempat. Ukuran plot kuadrat yaktos 1 x 1 m. Data anu dicandak yaktos data utama nu di cendak ngeunaan Pola Distribusi Cerithidea cingulata jeung data penunjang nyaeta faktor lingkungan sapertos suhu, pH, sarta salinitas. Analisis data ngawengku Pola Distribusi Cerithidea cingulata sarta Pangaruh faktor lingkungan ka Pola distribusi Cerithidea cingulata ngagunakeun SPSS regresi linier berganda. Hasil panalungtikan Pola Distribusi di Estuari Cipatireman nunjukkeun kaasup dina kriteria ngajumpluk ($S^2/\bar{X} > 1$) sarta analisis Regresi linier berganda faktor lingkungan ka pola distribusi Cerithidea cingulata ngabogaan pangaruh saageung 66.1 %. Kangge panalungtikan salajeungna ,tiasa ditalungtik ngeunaan pola distribusi rupa gastropoda anu sanesna.

Sanggem konci : Estuari Cipatireman, Pola Distribusi, Cerithidea cingulata